✓MetroPlusHealth

50 Water St., 7th Floor • New York, NY 10004
1.800.303.9626 • TTY: 711 • metroplus.org

# GEN CHANJMAN KI FÈT NAN MANYÈL POU MANM YO POU METE PLIS SÈVIS |

## PWOGRAM JESYON MALADI KWONIK POUKONT IY (CHRONIC DISEASE SELF-MANAGEMENT PROGRAM, CDSMP) POU ATRIT

Si yo te dekouvri ou gen atrik e w ta renmen konnen plis sou fason w ka jere maladi sa poukont ou, MetroPlusHealth kouvri sèvis ki ka ede w.

Apati **1ye jen 2025**, MetroPlusHealth ap kouvri Pwogram Jesyon Maladi Kwonik Poukont ou **(Chronic Disease Self-Management Program (CDSMP)** pou moun maè ki gen 18 an e ki pi gran, ki la pou ogmante konfyans, byennèt fizik ak mantal, ak konesans pou jere kondisyon jesyon alontèm.

Pwogram sa a ka ede w pa:

- ale nan ijans
- entène lopital, *ak/oswa*
- bezwen lòt swen pou atrit ou a.

Chak seri CDSMP rankontre 2.5 èdtan yon fwa pa semèn, pandan sis semèn antou.

**Kalifikasyon**
Ou ka kalifye pou sèvis CDSMP si w gen yon rekòmandasyon yon doktè, oswa yon lòt espesyalis lisansye, e w:

- Gen omwen 18 an, *e*
- Ou gen dyagnostik atrit.

Pale ak doktè w la pou wè si w kalifye pou patisipe nan CDSMP pou atrit.

Pou aprann plis konsènan sèvis sa yo, rele Sèvis Manm nan 800.303.9626 (TTY: 711).